



## PENILAIAN TENGAH SEMESTER I SEKOLAH DASAR TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : III (Tiga)

Hari, tanggal : Jumat, 17 September 2021  
Waktu : 07.30 - 09.00 (90 menit)

### PITUDHUH UMUM :

1. Tulisen jeneng lan nomormu ana ing sisih kiwa ndhuwur ing lembar wangsulan!
2. Wacanen saben pitakon kanthi patitis!
3. Garapen luwih dhisik pitakon sing kok anggep gampang!
4. Telitinen maneh garapanmu sadurunge kok aturake marang bapak / ibu gurumu!

- I. **Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d ing ngisor sangarepe wangsulan sing paling bener ing lembar jawaban kang wis cumawis!**

### Wacanen kanthi pratitis!

#### Pandhawa

Pandhawa iku cacah ana lima.

Nomer siji kang dadi pembarepe Raden Puntadewa utawa Raden Yudhistira ratu ing Amarta.

Nomer loro panenggake Raden Bima utawa Raden Werkudara satriya ing Jodhipati.

Nomer telu panengahe Raden Arjuna utawa Raden Janaka satriya ing Madukara.

Nomer papat Raden Nakula satriya ing Bumi Retawu.

Nomer lima utawa kang ragil Raden Sadewa satriya ing Sawojajar.

1. Sing diarani pandhawa iku sedulur cacah ... lanang kabeh.
  - a. loro
  - b. telu
  - c. papat
  - d. lima
2. Pembarepe Pandhawa, yaiku ....
  - a. Arjuna
  - b. Bima
  - c. Yudhistira
  - d. Nakula



3. Jeneng liya Raden Werkudara yaiku ....

- a. Bima
- b. Arjuna
- c. Nakula
- d. Sadewa

4. Raden Arjuna jumeneng satriya ing ....

- a. Jodhipati
- b. Madukara
- c. Astina
- d. Amarta

5. Kang diarani panengahe Pandhawa, yaiku ....

- a. Raden Bima
- b. Prabu Pandhu Dewanata
- c. Raden Janaka
- d. Raden Gathutkaca

6. Satriya ing Kraton Sawojajar, yaiku ....

- a. Puntadewa
- b. Werkudara
- c. Nakula
- d. Sadewa

7. Pandhawa ana sing kembar yaiku ... lan ....

- a. Werkudara lan Bima
- b. Nakula lan Sadewa
- c. Puntadewa lan Yudhistira
- d. Arjuna lan Janaka

8. Anak ragil iku anak sing laire ....

- a. dhisik dhewe
- b. urutan tengah
- c. keru dhewe
- d. kembar



## Wacanen kanthi pratitis!

Pangeran Diponegoro kang asma timure aran Raden Mas Antawirya miyos ing Ngayogyakarta, tanggal 11 November 1785. Panjenengane putra Sultan Hamengku Buwana III. Wiwit cilik tansah ngudi kawruh bab adat lan tata cara luhur mula ora mokal menawa panjenengane ganep tata kramane, adil, wicaksana marang sapadha-padha lan tansah cecaketan karo wong cilik.

Perang Diponegoro kawiwitan taun 1825 nganti 1830. Perang iki murup sakindenging tanah Jawa. Mula perang iki uga diarani perang tanah Jawa. Perang iku gawe pituna gedhe tumrap Walanda. Walanda ngetokake ragad sing ora sethithik, uga kurban tentara kang akeh banget cacache. Ing pihak pribumi uga akeh rakyat sing mati mbelani Negara. Nanging lumantar kuwi, perjuangan rakyat saya makantar-kantar gedhene. 8 Januari 1855 Diponegoro seda lan disarekake ing kampung Jawa, Makassar. Ngelingi lelabuhane nyingkirake Walanda saka bumi pertiwi, Pangeran Diponegoro pinaringan sesebutan Pahlawan Nasional dening pamarentah Indonesia.

9. Irahan-irahan crita ing dhuwur yaiku ....
  - a. Pangeran Diponegoro
  - b. Ir. Soekarno
  - c. R. A. Kartini
  - d. Bung Tomo
10. Pangeran Diponegoro kuwi miyos ing tanggal ....
  - a. 9 November 1785
  - b. 11 November 1785
  - c. 8 Januari 1825
  - d. 8 Januari 1855
11. Pangeran Diponegoro lair ing ....
  - a. Surakarta
  - b. Surabaya
  - c. Semarang
  - d. Ngayogyakarta



12. Bapak Pangeran Diponegoro asmane ....
- a. Sultan Hamengku Buwana II
  - b. Sultan Hamengku Buwana III
  - c. Sultan Paku Buwana II
  - d. Sultan Paku Buwana III
13. Pangeran Diponegoro disarekake ing pasareyan ....
- a. Kampung Jawa ing Makassar
  - b. Blitar Jawa Timur
  - c. Tanah Kusir Jakarta
  - d. Ngegel Surabaya
14. Gambare Pangeran Diponegoro, katuduhake huruf ....

a.



b.



c.



d.



